



SITWÈB POU ELÈV/PWOFESÈ ESOL

Nouvèl eSchool: Meyè App pou elèv k'ap aprann lang angle (*English Language Learners*):

Bitsboard http://bitsboard.com/	Pwofesè ak fanmi vote app-la kòm meyè app edikatif pou anne-a! Bèl foto avèk mo vokabilè nan diferan kategori, epi app-la kite elèv-yo anrejistre vwa-yo. App-la gen jwèt tankou Memory ak Bingo, ak anpil lòt jwèt.
Starfall http://www.starfall.com/	Yon sitwèb dedye pou elèv k'ap aprann lang angle nan klas preskolè rive 3zyèm anne, ensike pou jenn elèv lang natifnatal-yo se Angle.
Duolingo https://www.duolingo.com/	Yon app aprantisay lang ki entegre pale, koute, lekti, ak ekriti, epitou ki gen ladann foto ak odyo pou asire kontni ak sijè-yo konpreyansib. App-la gratis. Pwofesè-yo ka kreye kont pou klas-la, bay devwa, ak bay elèv-yo defi pou motive-yo.
Brainpop ESL https://esl.brainpop.com/	Vèsyon app-la gratis epi sitwèb-la ofri 18 leson enteresan ki enkli videyo, “ <i>hear it and say it</i> ,” (tande epi repete), mo vokabilè, <i>flash cards</i> , yon leson gramè, ak yon tès (<i>quiz</i>).
Keba! Angle pou Timoun	App pou iPhone oswa iPad. Gen twa kategori leson: zannimo, timoun, fwi ak legim. Nan chak kategori-sa-yo, gen plizyè sou kategori leson ki entegre odyo, animasyon, ak foto.
Symboloo (ESL) http://www.symboloo.com/	Kite itilizatè-yo kreye <i>webmixes</i> ki pèsonnalize oswa chache nan <i>webmixes</i> lezòt yon sijè patikilye.
Dave’s ESL Café http://www.eslcafe.com/	Yon sous enfòmasyon trè popilè, ki egziste depi lane 1995. Sit-la pwomote pataj lide, leson, tès (<i>quizzes</i>), jwèt, ak lyen ki konekte w sou lòt sitwèb ESL.

ESOL Depatman pou Paran

Yon sitwèb pou paran elèv nan lekòl piblik Broward County, ki bileng.

www.browarddesolparents.com

Every Language Learner

<http://www.everylanguagelearner.com/>

Broward County Public Schools Office of Academics

<http://www.browardschools.com/departments/Academics>

National Clearinghouse for English Language Acquisition and Language Instruction Educational Programs

<http://www.ncele.us/>

Florida Department of Education

<http://www.fldoe.org/policy/task-forces-committees-commissions/task-force-on-holocaust-edu>

Florida Department of Education

Commissioner's Task Force on Holocaust Education

<http://www.fldoe.org/policy/task-forces-committees-commissions/task-force-on-holocaust-edu>

Florida Department of Education - Commissioner's Task Force on African American History

<http://afroamfl.org/>

Center for Applied Linguistics

<http://www.cal.org>

Defining the Core

<http://www.definingthecore.com/>

Resous an liy gratis pou elèv k'ap aprann lang angle (ELLs)

Gwoup ki sible	Sitwèb	Deskripsyon
Pwofesè	Every Language Learner www.everylanguagelearner.com	<i>Every Language Learner</i> se yon resous an liy pou edikatè, avèk materyèl pedagogik pou saldeklas ak jwèt pwofesè ka itilize pou timoun ak adilt k'ap aprann lang angle! <i>Every Language Learner</i> va bay pwofesè-yo byen vit konsèy pedagogik ak materyèl pedagogik.
K - 8	Funbrain http://www.funbrain.com	<i>Funbrain</i> , kreye pou timoun k'ap fè klas preskolè rive 8tyèm ane, ofri plis pase 100 jwèt amizan, entèaktif ki va devlope abilte nan matematik, lekti, ak literasi.
Pwofesè	Everything ESL www.everythingsl.net	Plan leson, konsèy pou anseye elèv ELLs, sijè daktyalite, ak lyen ki konekte sou lòt sitwèb.
Pwofesè ak Elèv	Activities for ESL Students - Aktivite pou elèv ESL http://a4esl.org	Plizyè milye <i>quizzes</i> , tès, egzèsis ak jwèt pasyans ki va ede elèv-yo aprann Angle kòm yon dezyèm lang. Plis pase 50 lang ki reprezante.
Pwofesè	Everything ESL: The K-12 ESL Resource www.everythingsl.net	Konsèy itil, sijè daktyalite, plan leson, lyen itil ak gwoup diskisyon pou pwofesè.
K-2 Pwofesè, Paran, ak Elèv	Learning Chocolate www.learningchocolate.com	Aprann mo vokabilè-itilize foto ak imaj nan senk lang diferan.
Elèv ak Pwofesè	Cookie www.cookie.com	Ofri jwèt pou aprantisay ke espè nan edikasyon timoun ak edikatè kreye. Jwèt-yo gratis. Ou ka konsilte lis-yo selon laj oswa sijè. Yo ofri tou videyo pou gade epitou jenn lektè-yo kapab pratike lekti.
Pwofesè, Paran, ak Elèv	Free Reading - Lekti gratis http://freereading.net	Telechaje (download) leson pou pwofesè ak paran. Liv pou elèv-yo kapab li.
K-2 Pwofesè, Paran, ak Elèv	ESL-Kids www.esl-kids.com	Materyèl pedagogik ESL pou timoun-yo enkli <i>flashcards</i> , fèy egzèsis, jwèt pou saldeklas epi chanson ak pawòl-yo. Yon bon resous pou pwofesè ki anseye timoun ESL.

Tout Gwoup	Itools www.Itools.com	Plizyè medya ak zouti Entènèt nou ka itilize pou yon gran varyete pwojè. Anpil lyen pou motè rechèch sou Entènèt.
K-2 Pwofesè Paran ak Elèv	Literacy Center - Sant Literasi www.literacycenter.net	<i>The Literacy Center Education Network</i> pran angajman prezante plizyè esperyans edikatif pou timoun piti. Sit-la ofri gratis jwèt literasi ak aktivite.
Tout Gwoup	Good Character - Bon Fòmasyon karaktè www.goodcharacter.org	Sitwèb pou tout edikatè k'ap travay ak elèv-yo sou fòmasyon karaktè.
Tout Gwoup	Colorin Colorado www.colorincolorado.org	<i>Colorín Colorado</i> se yon sèvis wèb, gratis, ki ofri enfòmasyon, aktivite ak konsèy pou edikatè epitou pou fanmi ki pale Espayòl ak pitit-yo k'ap aprann lang angle (ELLs).
Tout Gwoup	English Page www.englishpage.com	Aprann lang angle avèk enstriksyon epi leson (<i>tutorials</i>) detaye ki prezante plizyè dizenn egzèsis entèaktif. Chak semenn, sit-la ofri leson, mo pou devlope vokabilè, atik, <i>mini-tutorial</i> , lekti (<i>reading room</i>), jwèt, ak fowòm elèv.
Elèv 3-12	Free Rice www.freerice.com	<i>Free Rice</i> se yon sitwèb ki pa pou pwofi. Se pwogram <i>United Nations World Food Program</i> ki pwopriyete sit-la epi ki finanse l. Sit-la ofri gratis edikasyon pou tout moun epi ede konbat lafen nan lemond.
Pwofesè	Sites for Teachers - Sit pou Pwofesè www.sites4teachers.com	Lyen ki konekte a plizyè sit pou pwofesè.
Pwofesè ak elèv K-12	Teaching Books www.teachingbooks.com	<i>Teaching Books</i> se yon sitwèb ki fasil a itilize, ki ajoute miltimedya ki fasilite esperyans lekti pou liv timoun ak liv jenn adolesan. Plizyè milye resous enkli liv nonfiksyon (istwa, biyografi, etc) ak liv anjeneral ki itilize nan anviwonman saldeklas K-12; chak resous ki seleksyone va pwomote entegrasyon miltimedya otè a kreye, entegre materyèl lekti ann aktivite lekti ak aktivite bibliyotèk.
Tout Gwoup	Picture Dictionary www.pdictionary.com	Sit-la ofri yon diksyonè ak imaj-yon diksyonè avèk mo epi foto an senk lang.

Pwofesè ak Elèv klas 3-12	ESL Cyber Listening Lab www.esl-lab.com	Pwofesè ak elèv ka itilize konvèsasyon ki anrejistre pou koute-yo toulejou ensike pou konpreyansyon ak pratik. Sit-la ofri konsèy ak lide pou konplete devwa.
Pwofesè Elèv klas K-5	ABCYA.com www.abcya.com	Pwofesè lekòl kreye jwèt edikasyonèl ak aktivite-sa-yo ki gratis. Aktivite nan matematik ak angle koresponn a nivo klas elèv-yo ap fè.
Tout Gwoup	ESL Resource Center – Sant Resous ESL http://eslus.com/LESSONS/resource.htm	Sitwèb-sa founi plizyè resous; klike sou lyen pou jwenn aksè nan gramè, lekti ak ekriti, vokabilè ak idyòm, òtograf, pwononsyasyon, koute. Sit-la gen plizyè lòt lyen pou jwèt, leson toulejou avèk miltimedya, sit asosye pou elèv ESL. Sit-la gen yon lyen pou konnekte a resous ESL adisyonnèl.
Pwofesè, Elèv, ak Paran	Starship English www.bbc.co.uk/schools/starship/english	Jwèt gratis ann angle ak jwèt matematik pou elèv ELLs.
Pwofesè ESOL	ESL Printable Documents http://www.eslprintables.com/	Sou sitwèb-sa pwofesè lang angle kapab fè echanj resous: fèy travay, plan leson, aktivite, etc. Avèk èd anpil pwofesè, koleksyon ak echanj vin deplizanpli enpòtan toulejou.
Elèv laj 2-6 ane	ABC Mouse https://www.abcmouse.com/	Se yon sitwèb oryante sou aprantisay bonnè. Sit-la gratis pou lekòl piblik. Sit-la ofri aprantisay amizan: vizit vityèl, chanson, istwa, aktivite avèk tablo entèaktif, kourikoulòm ak yon apwòch pwogresif, kontwole pwogrè elèv, santenn lè aprantisay ak amizman.
Tout Gwoup	Many Things http://www.manythings.org/	Sitwèb sa se pou moun k'ap etidye nan pwogram ESOL. Gen anpil tès (<i>quizzes</i>), jwèt mo, mo kwaze, pwovè, jagon, anagram, fraz jenere oaza ak lòt aktivite aprantisay lang avèk asistans konpitè.
Elèv k'ap fè klas 1 st - 8 th grade	Fun English Games for ESL http://www.funenglishgames.com/activities.htm 1	Yon gran varyete aktivite ESL, ki gratis, pou timoun. Pwofesè-yo va jwenn lide amizan pou aktivite lekti, ekriti, koute, pale, gramè, konvèsasyon ak piplis ankò. Lang aktivite-yo se Angle. Pwofesè-yo kapab pratike aktivite-yo nan saldeklas.
Tout Gwoup	Learner's Dictionary http://www.learnersdictionary.com/	<i>Learner's Dictionary</i> se yon resous gratis, prepare espesyalman pou elèv ak pwofesè ESL epi EFL. Sit-la ofri aksè nan diksyonnè konplèt <i>Merriam-Webster's Advanced</i>

		<p><i>Learner's English Dictionary</i>. Sit-la ofri lòt aktivite tankou <i>Learner's Word of the Day</i> (aprann yon mo toulejou), egzèsis pratik sou langaj, pwononsyasyon odyo, sesyon entèaktif <i>Ask the Editors blog</i> (mande editè blog-la), ak <i>My Learner's Dictionary</i>, itilizatè sit-la ka kreye lis mo pèsònèl pou li etidye. App Diksyonnè <i>Learner's Dictionary</i> disponib kòm yon app gratis sou iPhone ak iPad. App-la enkli yon fonksyonalite rechèch vokal, grasa teknoloji rekonesans vwa (lapawòl) <i>Nuance's Dragon</i>, ki kite itilizatè-yo chèche yon mo senpleman lè yo pale nan telefòn-la; gen 100,000 mo ak fraz nan diksyonnè <i>Merriam-Webster's Advanced Learner's English Dictionary</i>, 22,000 idyòm ak fraz itilize kouraman. Gen egzanp itilizasyon mo ak fraz, aktivite prefere ak rechèch aktivite ou fè resaman.</p>
Pwofesè	<p>WIDA Store https://www.wceps.org/Store/WIDA</p>	<p>Piblikasyon ak materyèl fòmasyon pou nouvo nòm WIDA.</p>
Pwofesè	<p>Best Websites for Teaching and Learning – Meyè sitwèb pou ansèyman ak aprantisay http://www.ala.org/aasl/standards-guidelines/best-websites/2015</p>	<p>Sitweb ki resevwa distenksyon, zouti ak resous ki gen yon valè esepsyonnèl an repons a demann ansèyman ak aprantisay.</p>
SALA	<p>Bureau of Student Achievement through Language Acquisition – Biwo akonplisman elèv grasa akizisyon langaj http://www.fldoe.org/academics/eng-language-learners</p>	<p>Ede lekòl ak distri-yo ansanm ak elèv k'ap aprann lang angle (<i>English Language Learners – ELLs</i>)</p>